*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№97 (26549)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 4 июнь – хурхæтæны мæйы 4 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 СЕ 'ВЗАГ – СÆ ХÆЗНА
Газеттæ «Къарачай» æмæ «Ногай Давысы»
3 ЮБИЛЕЙ
Йæ куыст археологиимæ – æмбаст
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Пайда сты хъомыладон куысты

**Спартакиадæ**

## Слестгæнæн управлениты командæты ерыстæ







**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис архайдта Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты æппæтуæрæсеон спартакиадæ байгом кæныны кадджын хъуыддæгты. Спартакиадæмæ Дзæуджыхъæумæ ссыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды слестгæнæн управлениты командæтæ, æдæппæтæй 200 адæймаджы.**

Спортивон ерыстæ конд æрцыдысты Слестгæнæн комитеты сконды 15 азы кадæн. Бæрæгбонмæ æрбацыдысты Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты бæрнон кусæг **Николай Иванов**, Слестгæнæн комитеты РЦИ-Аланийы управленийы разамонæг **Валерий Устов,** республикæйы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз,** республикæйы спорты министр **Фрайты Сослан**, æндæр кадджын уазджытæ.

Николай Иванов Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты сæрдар **Александр Бастрыкины** номæй бакаст арфæйы фыстæг: «Ацы спартакиадæ хæссы егъау æнкъарæнтæ, граждайнаг æмæ патриотизмы æууæлтæ. Нæ кусджытæ æрвылбон дæр æххæст кæнынц сæйрагдæр хæстæ – граждæнты бартæ хъахъхъæнынц. Ацы ран спорт тынг ахсджиаг у. Слестгæнæн комитеты сæрдар æмæ мæхи номæй уазджытæ æмæ спортсментæн арфæ кæнын, комитеты стыр аргъ кæнынц фыдæлтыккон тых æмæ лæгдзинад, сæрыстырдзинад, уæлахизмæ тырнындзинад, хæлардзинад, хæрзаудæндзинад æмæ хорздзинадæн. Мæ зæрдæ дарын, спартакиадæ аккаг бынат кæй бацахсдзæн спортивон æндæр ерысты 'хсæн. Бузныг зæгъын мæ фæнды, хъуыддаг саразынæн чи бацархайдта, æппæт уыдонæн», – загъта Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты бæрнон минæвар.

Уазджытæ æмæ спортсментæн æгасцуай загъта управленийы разамонæг Валерий Устов. Æнтыстджын æмæ уæлахиздзау суæвын сын уыд йæ зæрдæбын арфæ. Æртæ боны дæргъы спортсментæ æвзардзысты сæ арæхстдзинад, сæ хъару æмæ сæ тых.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæг**
**æмæ Хицауады**
**пресс-службæ**

**Æппæтуæрæсеон фестиваль**

## Ирон чингуытæ бавдисдзысты

**4-7 июны Мæскуыйы цæудзæн чингуыты XII æппæтуæрæсеон фестиваль "Красная площадь".**

Ацы хатт фестиваль уæлдай фылдæр æргом аздахдзæн Уæрæсейы Адæмты иудзинады азы кадæн арæзт цаутæм. "Красная площадь"-ы фæткмæ гæсгæ радон хатт бæлдтытæ, зындгонд артисттæ æмæ музыканттæ æвдыст концерттæ, бæстæйы хъуыстгонд музейты программæтимæ базонгæдзинад, зонындзинæдты алыхуызон къабæзты ахуыргæндты лекцитæ, автортимæ автограф-сесситæ æмæ æндæртæ – кæм æнхъæлмæ кæсынц, фестиваль ногæй ацæудзæн фынддæсæй фылдæр ахæм фæзыл.

Цæгатирыстойнаг делегаци уырыссаг æмæ иронау фыст курдиатджын авторты уацмыстæ кæм равдисдзæн, æппæт литературæуарзджыты хонæм Уæрæсейы регионты ахæм 7-æм æмæ 8-æм хатæнтæм. Нæ регионы делегацимæ хауынц литературон-аивадон журналтæ "Дарьял" æмæ "Мах дуг"-ы, стæй чингуыты рауагъдад "Ир"-ы сæйраг редакцортæ.



сæххæст кæндзысты мидисджын проект – Национ литературæты фестиваль.

Уазджытæм æнхъæлмæ кæсынц сæдæгай æхсызгон цаутæ: курдиатджын фысджытæ, поэттæ æмæ нывгæнджытимæ фем-

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!





**Кæронмæ фæхæццæ кæны 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныридæгæн «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ацы мæйы кæронмæ ма газет рафыссæн кæй ис, уый.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Посты бастдзинады хайад ма куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссæн ис æмгъыдæй раздæр, йæ аргъ у 1448 сомы æмæ 46 капеччы. Уыимæ, льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеччы. Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

**Архайд**

## Агурæн-ирвæзынгæнæн къорд

**Дзæуджыхъæуккаг бирæфадатджын паддзахадон техникумы бындурыл фидар кæнынц студентон агурæн-ирвæзынгæнæн къорд. Уый Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг управленийæн суыдзæн ахъаззаг æххуысы авналæн.**



Æппæт уыцы ивддзинæдтæ конд цæуынц регионы Уæрæсейы ирвæзынгæнджыты архайд фæхъомысджындæр кæныны охыл. Регионалон хайадæн ацы азæй разамынд дætты Дзæуджыхъæуккаг бирæфадатджын паддзахадон техникумы разамонæг **Бирæгъты Давид**. Студентон агурæн-ирвæзынгæнæн къорд саразыны хъæппæрис бæрæг дары йæ бæрнон, бæстон цæстæнгасæй.

Техникумы æппæт студенттæ сты æдæппæтæй 350, уыдонæй уал равзæрстой хуыздæр 48 курсанты. Куыстадон ахуырады дæсныты разамындæй курсанттæ сæ арæхстдзинад тыхджындæр æмæ ноджы ахъаззагдæр кæнынц. Бирæгъы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй къорд фидаргонд æрцыд, уæлдай æргом здахдзысты социалон бæрнондзинад æмæ практикон архайдмæ. «Кæд æмæ фæсахуыр лæппутæ æндæр дæсныйад равзардзысты, уæддæр ирвæзынгæнæджы æппæт авналæнтæ зондзысты, сæ бон сæ уыдзæн спайда кæнын. Мах ирвæзынгæнджыты рагæй цæттæ кæнæм, иннæ азæн нын бюджетæй æхца радих кодтой «Профессионалитет»-ы проектмæ гæсгæ», – радзырдта техникумы директор.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, Ирыстоны бирæ хæххон бынæттæ ис, туристтæ, æндæр адæм сæм цæуынц, маршрутыл хъуамæ æнæмæнг уа ирвæзынгæнæг, ома, ацы дæсныйад ахсджиаг у. Техникумы кусы ирвæзынгæнæг Перисаты Лавренти, цыдæриддæр ифтонггарз, сæрмагонд техникæ бахъæудзæн, хъæугæ уæлæдарæс, уыдæттæ нырмæ балхæдтой.

Студентон агурæн-ирвæзынгæнæн къорд цæттæдзинад æвдисгæйæ архайдзæн регионы Æнæнхъæлæджы уавæрты управленийы операциты, адæмы ирвæзын кæндзысты, æнæнхъæлæджы уавæрты фæстиуджытæ иуварс кæндзысты.

**ДАТИТЫ Ольгæ**
**(«15 регион»)**

## Дзырды фарн

***... æнкъард хъуыды –***
***мæ иунæг æмгар.***

*ХЪОРОТЫ Дауыт*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **4 июны** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **10-23 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,12 | Хурыскаст — 04,23<br>Хурныгуылд — 19,35 | Валютæйы аргъ | Доллар — 72,37<br>Евро — 84,69 | 12 + |

Се ‘взаг – сæ хæзна

# Хъæрæсе-Черкесы газеттæ «Къарачай» æмæ «Ногай Давысы»

**Уæрæсейаг Адæмты ‘взæгты паддзахадон политикæ царды рауадзыны советы æмбырды Президент Владимир ПУТИН бахаста уырыссаг æмæ уæрæсейаг адæмты ‘взæгты докладæн паддзахадон статус раттыны тыххæй фæндон. Бафиппайдта, уымæн кæй ис стыр нысаниуæг æмæ йæ æрвылаз дæр кæй хъæудзæн дæттын, нæ паддзахады фыццаг хатт кæй фæзынд стратегион пълангæнæг гæххæтт, кæцыйы бæрæг сты сæйрагдæр нысантæ æмæ уырыссаг, стæй Уæрæсейы республикæты, иннæ рæтты цæрæг адæмты æвзæгтæ бахъахъхъæнынæн, сæ рæзтæн æххуыс.**

Мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын, æмæ йæ рæзтыл цæуы архайд нæ паддзахады регионты дзыллон информацийы фæрæзты фæрцы. Уыдонимæ сты национ æвзæгтыл цæуæг мыхуыры фæрæзтæ – газеттæ æмæ журналтæ. Алы регионы дæр ис сæхи авналæнтæ æмæ гæнæнтæ, кæд, æмткæй райсгæйæ, паддзахадон политикæ се ‘гасæн дæр иу у, уæддæр. Цæгат Кавказы медиофорумы архайгæйæ, нæ уацхæссæг ныхас кодта, Хъæрæсе-Черкесы мадæлон æвзагыл цы дыууæ паддзахадон газеты цæуы, уыдоны сæйраг редакортæ **Салима Коркмазова** æмæ **Алтынай Аутоваимæ**. Цы уавæрты кусынц хъæрæсейаг «Къарачай» æмæ ногъайаг «Ногай Давысы»-йы газеттæ, уыимæ уæ бæстондæр базонгæ кæндзыс-тæм нæ газеты радон номыры.

– Газет «Къарачай»-ы тираж у цыппар мин экземпляры, цæуы къуыри дыууæ хатты. Хъæрæсейæгты нымæц хынцгæйæ (250 мин адæймаджы), уый, иуæй, чысыл у, иннæмæй та, уавæр хынцгæйæ, нæй зæгъæн, æмæ бынтон гыццыл у. Нæ рæстæджы адæммæ информаци фылдæр электронон хуызы хæццæ кæны, уыцы быцæуархайды ныхмæ лæууын зын у. Куы мæ бафæрсынц, куыд нæ дæлдон кæнут, уæд сын бамбарын кæнын, нæ газет цæмæй фыццагау адæмæн уарзон уа, уый тыххæй кæй цæуы электронон хуызы дæр, уæрæх кæй пайда кæнæм социалон хызтæй, алы ран дæр стæм. Газетæн ис йæхи уæлæфтуан, фадат дзы ис видео æрмæджытæ æмæ къамтæ фылдæр равæрынæн, – зæгъы газеты сæйраг редактор.

Хъæрæсе-Черкесы республикæйы бирæ адæмыхæттытæ дзы цæры. Уымæ гæсгæ национ хæдхуыздзинад æмæ хиæмбарынад бахъахъхъæнын зындæр у. Радио, телеуынынад æмæ газеты фæрстыл хъæрæсейаг æвзагыл лæвæрд цæуынц æрмæджытæ, спектакльтæ æвæрынц национ драмон театры сценæйы, сæ мадæлон æвзаг ахуыр кæнынц республикæйы скъолаты. Фæлæ газетæн специалисттæ цæттæ кæныны хъуыддаджы æмбæлынц зындзинæдтимæ, фыццаджыдæр, этножурналистикæйы мадæлон æвзагыл кæй нæ цæттæ кæнынц, уыцы хъуыддаг. Куы фенын, зæгъы, хъæрæсейаг æвзагыл хорз чи дзуры, ахæм æрыгон адæймæгты, уæд сæ ‘рбахонын, семæ фæныхас кæнын. Хъæрæсейы Умар Алиевы номыл паддзахадон университеты ис журналистикæйы, стæй филологийы факультеттæ, уадзынц кадртæ, фæлæ хæрз чысыл, фылдæр уырыссаг æвзагыл. Стæй газеты кусынмæ дæр нæ тырнынц, телеуынынад æмæ радиойы кусын сæм хуыздæр кæсы.

– Хъæрæсейагау хорз чи дзуры, уыдонимæ ныхасгæнгæйæ сæ алырдæм дæр бафæлварын, цæмæй бамбарон, цас арф зоныдзинæдтæ сæм ис. Уыцы иу рæстæг архайын, цæмæй сæ ма фæтæрсын кæнон, се ‘ргом сын аздахон æмæ сын бауарзын кæнон газеты куыст. Нæ бафæразынц фыццаг фæлварæнæн, уымæ гæсгæ нæм кадртæ кадавар сты, – катай кæны Салима Хасаны чызг.

Фæлæ йæ ныфс нæ сæтты, æмцег кæны университетимæ, фембæлдтытæ аразы газеткæсджытæ æмæ хистæркъласонтимæ.



Салима КОРКМАЗОВА



Алтынай АУТОВА




Ууыл нæ ныллæууыд, газеты аразы алыхуызон конкурстæ, уыдонимæ – литературонтæ дæр, чи аивдæр бакæсдзæн уацмыс. Уыцы хуызы бæрæг кæны, конкурсы архайæг цас хорз дзуры хъæрæсейаг æвзагыл. Кæд сыгъдæг фæдзуры æмæ ‘мбары, цы кæсы, уый, уæд æй дарддæр фæлтæры фыссынæй. Поэзи æмæ прозæ, ныффыссынц миниатюрæтæ, скъоладзаутæ – сочиненитæ. Йæ бæрны бакодта дыууæ скъоладзауы, архайы, цæмæй бауарзой журналистикæ. Кæд мын рауайа, зæгъы, уыдонæй журналисттæ бацæттæ кæнын, уæд амондджын уыдзынæны хъуыдыимæ æххæст кæны йæ сæйраг хæстæ. Фæлæ йæм уый æгъгъæд нæ кæсы, архайы уыцы куыстыл æрыгæтты бафтауын. Кусынмæ райста чызг æмæ лæппуйы, æмæ сæ хистæрты фарсмæ уыдон фæлтæрынц сæхи. Салимайы бæллиц у, цæмæй сæ йæхæдæг ма агура, фæлæ конкурсы хуыздæртæй уа йæ бон равзарын.




Хъæрæсе-Черкесы ногъайæгтæ цæры фынддæс мин адæймаджы, алы дæсæм дæр исы мадæлон æвзагыл газет. «Ногай Давысы» цæуы къуыри дыууæ хатты, йæ тираж – мин æмæ ‘рдæг экземпляры. Дыууын фондз азы йæ сæргъы лæууы Алтынай Аутова, посты куысты аххосæй йæ тираж, раздæр азтимæ абаргæйæ, зынгæ фæцудыдта. Уый хынцгæйæ, йæ сæйраг редактор бахаста газет редакцион хуызы рафыссыны фæндон. Курдиатимæ бацыд уæды мыхуыры министр Евгений Кратовмæ, уый дæр йæ фæндоныл сразы.

– Фыццагдæр, нæ газетмæ ‘рцыд уыцы хъуыды, цæй мидæг ис, уый уын бамбарын кæндзынæн: ногъайæгтæ гуппарæй кæм цæрынц, ахæм хъæутæ нæ республикæйы ис фондз. Хæдтулгæйыл сæм газеты ног номыр аласы редакцийы шофыр, байуары сæ администрацитæ, куыстуæттæ, скъолатæ æмæ медпункттыл. Уырдыгæй сæ газеткæсджытæ сæхæдæг райсынц æмæ кæсынц. Зынаргъ нын лæууы уыцы хъуыддаг, æмæ ныр газеты дыууæ номыры ласы алы къуырисæры. Афтæмæй, фæстаг цалдæр азы тиражы 1/3 хай уарынц посты кусджытæ, иннæ – нæхæдæг, – сæ куысты тыххæй нын радзырдта газеты сæйраг редактор.

Катайгæнгæ дзырдта, се ’взаг кæй сæфы, æрыгæттæ йæ кæй нал зонынц, уæлдайдæр – литературон æвзаг. Кусджытæ цæттæ кæнын сæхимæ хауы, зилынц, агурынц скъолаты, конкурсты рæстæг равзарынц кандидаттæ, арвитынц сæ ахуыр кæнынмæ, уый фæстæ сæ кусынмæ райсынц.

– Ахуырмæ арвыстам Бетъырбухмæ чызджы, горæт йæ зæрдæмæ тынг фæцыд, æмæ, дам, ам кусгæйæ баззайдзынæн. Мызд фæфылдæр кæнын хъæуы, цæмæй разæнгард кæной, æмæ газетмæ кусынмæ райа сæ зæрдæ. Гонорарæй зæрдæлхæнæн кæнæм, хуыздæр æрмæгæн дыууæ хатты фылдæр фидæм. Фæсивæд хъуамæ цырд уой куысты, уæрæх пайда кæнæм интернеты хызтæй, кæнæм подкастытæ. Æз дæр Салимайау телеуынынады куыстон. Подкаст исгæйæ уыцы иу рæстæг нæ кусджытæ комкоммæ рацæуынц интернеты тыгъдады, уымæй газеты архайд кæны цымыдисдæр, куыд нæ кусджытæн, афтæ газеткæсджытæн дæр. Газетæн ис æххуысгæнджытæ, республикæйы адæмон æмбырды депутат Владимир Умалатов нын балæвар кодта видеокамерæ, рæхджы нæ сифтонг кæндзысты микрофонтæй дæр. Архайæм, цæмæй газеты социалон хызæгтæ рæзой, уымæн æмæ нæ фидæн баст у цифровизациимæ, – зæгъы Алтынай.

Мадæлон æвзаг нæй рох кæнæн, ууыл архайынц Хъæрæсе-Черкесы дыууæ паддзахадон газеты коллективтæ. Æмткæй райсгæйæ, Уæрæсейы национ æвзагыл чи цæуы мыхуыры, уыцы газеттæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къамтæ**

Барадхъахъхъæнджыты куыст

# Æвзæрдзинадæй æнахъомты бахизынæн

**Æрæджы нæ бæстæйы Мидхъуыддæгты министрады æнахъомты хъуыддæгты инспекцийы сæвзæрдыл сæххæст 91 азы.**

Хуымæтæджы барадхъахъхъæнæг архайдмæ чи нæ хауы, амынд инспекцийы службæгæнджытæ æххæст кæнынц ахæм куыст. Царды зын уавæры чи бахауы, арæх инспекцийы кусджытæ уыцы æнахъомтæн свæййынц зондамонджытæ, психологтæ æмæ æууæнкджын адæймæгтæ. Сывæллæттæ кæй саразынц, инспекцийы кусджытæ уыцы фыдракæндтæ æмæ ныййарджыты æнæмæтдзинады фæстиуджытыл сæмбæлынц.

Алагиры районы мидхъуыд-дæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты инспекцийы хицау, пъæлицæйы дæлбулкъон **Боциты Альбинæ** йæ куысты тыххæй нæ уацхæссæджы фæрстытæн цы дзуаппытæ ратта, уыдон дæлдæр мыхуыр кæнæм.

**– Æнахъомты хъуыддæгты инспекцийы кусджытæ цавæр фарстатæ лыг кæнынц?**

– Мидхъуыддæгты министрады нормативон акттæ кæй амонынц, нæуæдз азæй фылдæры дæргъы нæ инспекцийы кусджытæ уыцы фарстатæ лыг кæнынц. Фыццаджыдæр, архайæм фыдракæндтæ саразынæй сывæллæтты бахизыныл, стæй æнахъомты бартæ æмæ интерестæ бахъахъхъæнынæн фадæттæ саразыныл, хъомыл адæмы ’рдыгæй сывæллæттæм æмбæлгæ цæстдард куыд уа, афтæ. Нæ куысты хæстæ æххæстгæнгæйæ, æмгуыст кæнæм скъолатæ æмæ æнахъомты хъуыддæгты къамистимæ.

**– Фыдракæндтæй æнахъомты бахизынæн барадхъахъхъæнджытæ куысты цавæр хуызтæй пайда кæнынц?**

– Мах, æнахъомты хъуыддæгты инспекортæ, нымад стæм пъагонджын хъомылгæнджытыл. Скъоладзаутимæ фембæлдтыты рæстæг бакæсæм сын барадхъахъхъæнæн темæйыл лекцитæ, фæархайæм ныййарджыты æмбырдты. Уымæй уæлдай, нæ дæлхайады службæгæнджыты хæс у ахуырадмæ не ’рбацæуæг, науæд та скъоламæ æнæцæттæгондæй (зæгъæм, æнæ ахуыргæнæн гæрзтæй, æнæ спортивон фæлыстæй) æрбацæуæг сывæллæтты рабæрæг кæнын. Къласты разамонджытимæ иумæ дзырддаг бинонтæ бабæрæг кæнæм, «тæссаг къорд»-мæ хауæг сывæллæттæ скъолатæм цæуынц æви нæ, уый, стæй сын сæ уагахаст сбæлвырд кæнæм. Æнахъомты бартæ хæлд цы хуызы ‘рцæуынц, скъолатæ, уый, стæй хъомыладон хæстæ не ’ххæстгæнæг ныййарджыты тыххæй хабæрттæ нæ инспекортæн фехъусын кæнынц.

**– Æнахъомтæ арæхдæр закъон цавæр уагæй фехалынц?**

– Арæхдæр сæмбæлæм давыны цаутыл. Ацы цаутæ уæззау фæстиуджытæ кæй расайдзысты, сывæллæттæ арæх ууыл нæ ахъуыды кæнынц. Амынд фыдракæндтæ аразын кæй не ’мбæлы, ахуырдзаутимæ фембæлдтыты рæстæг уый сын бамбарын кæнæм. Зæгъæм, дуканийæ давд цъындаты фæлысты тыххæй пъæлицæйы кусджытæ сывæллоны бахæсдзысты закъонхалджыты номхыгъдмæ, æмæ афтæмæй æнахъомы дарддæры хъысмæт дæуццаг суыдзæн.

**– Дæ бæрныуæвæг хайад кæй æххæст кæны, уыцы куысты къабæзтæй ноджыдæр ма дæ кæцыйы тыххæй фæнды радзурын?**

– Нæ куысты хæстæ æххæстгæнгæйæ, стыр æргом здахæм дзырддаг ныййарджытæм. Зæгъæм, ацы азы райдианæй нырмæ нæ номхыгъдтæм бахастам ныййарæджы хæстæ æнæмбæлгæ уагæй æххæстгæнæг æртын авд адæймаджы, стæй æвзæр уагахастимæ æвддæс æнахъомы. Ныййарæджы хæстæ биноныг æххæст кæнын кæй æмбæлы, ацы адæймæгтимæ хъуыддаджы фембæлдтыты рæстæг сын уый бамбарын кæнæм.



**– Сывæллоны цæмæй байсой ныййарджытæй, уый тыххæй цы хъуамæ ‘рцæуа?**

– Хъыгагæн, сывæллæттæй иуæй-иутæн сæ бинонтæ нымад сты сæрæфснайæныл нæ, фæлæ сæ цард æмæ æнæниздзинадæн тæссагдзинады гуырæныл. Ныййарджыты комкоммæ хæс у сывæллоны æдас цардæн фадæттæ аразын, фæлæ ныййарджытæй иуæй-иутæ сæ хæстæ алыхуызон æфсæнттæй (арæхдæр – æхцайы кадавары æфсонæй) ницæмæ дарынц. Ныййарджытæ сывæллоны фыднад куы фæкæнынц æмæ йын афтæмæй йе ’нæниздзинад æмæ цард тæссаг уавæры куы сæвæрынц, уæд уый вæййы æппæтæй æвзæрдæр. Нæ куысты хæстæ æххæстгæнгæйæ, æвзæрдзинадæй дзырддаг бинонты бахизыныл архайæм.

**– Сусæг æвæрæнты фæрцы наркотиктæ чи уæй кæны, хатгай дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ ахæм æнахъомты тыххæй хабæрттæ фехъусын кæнынц.**

– Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы тæссаг миниуæгæй æнахъомты хъахъхъæнын хъæуы. Арæхдæр ацы æвзæр миниуæгыл сывæллæтты самидин кæнынц интернеты фæрцы. Сусæг æвæрæнтæ чи аразы, уыдон алы хатт сæхæдæг наркотиктæй нæ пайда кæнынц, фæлæ архайынц æнцонæй æхца бакусыныл. Ацы ‘взæр митæй æнахъомты бахизынæн рæстæгæй-рæстæгмæ ахуыргæнæндæттæ бабæрæг кæнæм æмæ ахуырдзаутимæ æмбарынгæнæн ныхас фæкæнæм, ныхасы рæстæг бæлвырд дæнцæгтæ сын æрхæсгæйæ.

**– Æнахъомты хъуыддæгты инспектор йæ куыст цæмæй æнæлазæй æххæст кæна, уый тыххæй йæм хъуамæ цавæр миниуджытæ уа?**

– Æнахъомтимæ кусæг барадхъахъхъæнæг хъуамæ уа æнæхин, зæрдæхæлар адæймаг, сывæллæттæ йыл куыд æууæндой, афтæ. Сывæллон царды раст фæндаг равзардзæн æви нæ, уый аразгæ у канд йæ ныййарджытæй нæ, фæлæ, куысты хæстæ æххæстгæнгæйæ, æнахъомтимæ кусæг барадхъахъхъæнджытæй дæр. Нæ хайады кусджытæ: пъæлицæйы майортæ Сæбанты Алинæ æмæ Хъайтмазты Ирбег, капитантæ Тедеты Зæлинæ æмæ Гæбуаты Лаурæ, лейтенанттæ Реуазты Сослан æмæ Камилла Фаттахова, стæй пъæлицæйы кæстæр лейтенант Тахохты Маринæ – сæ службæйы хæстæ биноныг, æнæкъуылымпыйæ æххæст кæнынц, алы æнахъомимæ дæр кæрæдзи бамбарыныл архайынц. Ацы адæмимæ мæ куыст æнæкъуылымпыйæ цæуы. Æвзæрдзинадæй æнахъомты чи хизы, нæ хайады уыцы кусджытæм хауы стыр бæрнондзинад æмæ, ацы æууæл хатгæйæ, архайæм нæ службæйы хæстæ æнæхинæй, биноныг æххæст кæныныл. Ме ’мслужбæгæнджытæн мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, фæрныгад æмæ æнтыстдзинæдтæ.



**Ныхас ныффыста**
**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы**
**мидхъуыддæгты**
**хайады инспектор**

## Æнæмæлгæ полкъ



КЪУБАЛТЫ Хъæвдын



КЪУБАЛТЫ Яков



АГЪНАТЫ Газу



АГЪНАТЫ Мæхæмæт



ÆРЧЪЕГКАТЫ Хуысинæ



ЕНАЛДЫТЫ Гадзыбе



БИТАРТЫ Тома



БУРГАЛАТЫ Иссæ



ГУЫРЦЪЫТЫ Давид



ГУЫРЦЪЫТЫ Хазби



САТЦАТЫ Батмырзæ



СЕЧЬЫНАТЫ Михал



ДЖИОТЫ Алихан



БАЙСОНГЪУЫРТЫ Владимир

Ахуыргонды юбилеймæ

# Йæ куыст – археологиимæ баст

**Нæ республикæйы зындгонд ахуыргæндтæй иу – археолог, историон наукæты доктор, РЦИ-Аланийы наукæйы сгуыхт архайæг ДЗАТТИАТЫ Русланыл фæззæджы æххæст кæны 90 азы. Бирæ сты æви чысыл, уый хаты æрмæст юбиляры зæрдæ, фæлæ, нæ национ культурæйы хæзнадонмæ цы стыр æвæрæн бахаста, уый та не 'ппæтæн дæр зындгонд у.**

Археолоджы куыст у историон сусæгдзинæдты «сыфтæ» фæлдахын. Археологæй уæлдай нæ кæй бон бауыдзæн, рагæнусты адæм куыд æмæ цæмæй цардысты, уый сбæрæг кæнын? Чи нæ зæгъдзæн фидарæй, Нузалы аргъуанил 800 азæй фылдæр кæй цæуы, кæнæ Кировы районы Тæтæртуппы мæсыг кæм лæууыд, абон къутæртæ æмæ хъамылы бын цы фæз ис, уый та тæтæр-монголы æрбабырсты размæ нæ фыдæлты рагон сахар Дзылат кæй уыдис? Уырыссаг азфысты та Дзылат амынд цæуы Дедяков.

Дзаттиаты Георгийы фырт Руслан райгуырд 1936 азы Хуссар Ирыстоны. Йæ рæстæджы каст фæцис Цхинвалы 2-æм скъола, уый фæстæ та – Хуссар Ирыстоны пединституты историон-филологон факультет. 1969 азы Советон Цæдисы Наукæты академийы археологийы институты æнтыстджынæй бахъахъхъæдта кандидаты диссертаци «Средневековые памятники Южной Осетии как исторический источник», 2001 азы та – докторон диссертаци, 1968-1990 азты уыд Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæн институты хистæр наукон кусæг. 1979-1989 азты Хуссар Ирыстоны Едысы хъæуы сарæзта археологон иртасæн куыст Царциаты сахар сбæлвырд кæныны фæдыл. 1993 азæй фæстæмæ куыста Дæргъæвсы археологон экспедицийы.

Æнцон нæу археолоджы фыдæбон. Иртасæн куысты рæдыд æруадзын знаггадыл нымад цæуы, уымæ гæсгæ археологтæ сæ экспедициты куыстытæ талф-тулфæй нæ фæкæнынц. Сæ фæрцы нын абон ис истори. Бæстæзонæн музейы археологон равдыстыты цы хъæздыг æрмæгмæ бакæсæм, уый нын уæлдай хатт нæ зæрдыл æрлæууын кæны нæ рагфыдæлты цард, сæ уавæртæ, сæ культурæ æмæ æгъдæуттæ. Алчидæр нæ банкъары незаманты комулæфт. Археологтæ уарзынц се 'нтыстдзинæдты тыххæй адæмæн радзурын. Цæгат Кавказ æмæ Ирыстоны рагон хабæрттæ Дзаттиаты Руслан сахатгай дзурдзæн, тынг цымыдисаг у йемæ ныхас кæнын. Адæймаг æм хъусынæй нæ бафсæддзæн.

Дзаттиайы-фыртæн мыхуыры рацыд 50 наукон куысты, æмæ диссаг у: йæ наукон чингуыты нывгæнæг дæр йæхædæг у. Археологон экспедициты цы ссары, уыцы дзауматæ йæхæдæг снывкæны. Цалдæр азы размæ не 'хсæн рауад зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас.

**– Руслан, археологиимæ цæмæн сбастай дæ дæсныйад, цы дæ æлвæста тынгдæр?**

– Никуы бæллыдтæн археолог суæвынмæ, уæвгæ, ахæм куыст ис, уый зонгæ дæр нæ кодтон. Мæ дада мын бауарзын кодта истори. Уый мын-иу цы нæ таурæгъ ракодта, ахæм нæ уыд, æмæ йæм зæрдиагæй хъуыстон. Историон-филологон факультеты ма куы ахуыр кодтон, уæд фыццаг хатт бахаудтæн археологты экспедицимæ. Уыцы рæстæг ын разамынд лæвæрдта Хуссар Ирыстоны наукон институты кæстæр наукон кусæг **Цыбырты Людвиг**. Экспедицийы та уыдтæн куыд нывгæнæг. Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны хæхтæ, кæмттæ æмæ фæзты кæм нæ балæууыдыстæм, ахæм бынат нæ уыд.

**– Нывгæнæджы дæсныйадыл дæр ахуыр скодтай?**

– Æхсæзæм къласмæ куы цыдтæн, уæд мæ Тугъанты Махарбег йæхæдæг Цхинвалы аивадон училищæмæ бакодта. Чысылæй ныв кæнын бирæ уарзтон æмæ йæ зæронды бонмæ дæр нæ ныууагътон. Уыдис ахæм рæстæг, ансамбль «Алан»-æн эскизтæ куы кодтон. Къамтæ исын дæр мæ зæрдæмæ цæуы, уæлдайдæр æврæгътæ. Кæнын портреттæ дæр. Уарзиаты Вилен, Тменаты Феликс æмæ Дзадзиаты Алыксандры хуызистытæ мæ къуылыл ауыгъд сты. Æртæйæ дæр мæ царды стыр фæд ныууагътой, æмæ сæ никуы ферох кæндзынæн.

**– Дæ фыццаг экспедицийы тыххæй ма бæлвырддæр радзур.**

– Институты фæстæ скъолайы райдыдтон кусын историйы ахуыргæнæгæй æмæ Тъехты Баграты экспедицимæ хуынд æрцыдтæн. Ацы хатт къахтой Хуссар Ирыстоны стыр фæзы байбынтæ. Цымыдисаг дзауматæ дзы разынд. Уыцы диссæгтæ куы федтон, уæд мæ зæрдæйы ссыгъд цæхæр археолоджы куыстмæ. Ацыдтæн Мæскуымæ, аспирантурæмæ мæ гæххæттытæ балæвæрдтон. Фæлварæнтæ раттон философи æмæ фæсарæйнаг æвзагæй, сæйраг фæлварæн уыдис археологийæ. Уыцы азты археолог суæвын кæй фæндыд, уый йæхи цæттæ кодта зындгонд автор А.В. Арциховскийы чиныг «Введение в археологию»-мæ гæсгæ, æмæ йын ссарæн дæр нæ уыд. Мæ бинойнаг, Мæскуыйы Михаил Ломоносовы номыл паддзахадон университеты рауагъдон **Остъаты Джульеттæ** рафыста ацы чиныг. Уæд цæй ксерокстæ уыдис. Чиныг йæ райдайæнæй йæ кæронмæ къухæй рафыстон, ноджыдæр ма дыууæ чиныджы – Владимир Высоцкийы «Нерв» æмæ Гарсиа Лоркайы æмдзæвгæты æмбырдгонд. Аспирантурæйы фæлварæнтæй мæ зæрдыл тынгдæр бадардтон, «по специальности» кæй хуыдтой, уый. Фæлварæн лæвæрдтон Ленины премийы лауреат Евгений Крупновмæ. Йæ чиныг «Материалы по археологии Северного Кавказа» мын куы балæвар кодта, уæд иуыылдæр дис кодтой, иннæтæй хъауджыдæр æй мæнæн цæмæн балæвар кодта, уый. Уымæн æмæ Дзаттиайы-фырт Кавказæй у, зæгъгæ-иу уыд йæ дзуапп. Аспирантурæйы æртæ азы сахуыр кодтон.

**– Аспирантурæйы ахуыргæнгæйæ дæр цыдтæ экспедициты?**

– Цыдтæн. Фыццаг сæрд Хуссар Ирыстоны æртæйæ: ме 'мбал æмæ ме 'мхæрæфырт мæ фыды райгуырæн хъæу Сыбамæ ацыдыстæм. Рафыстой нын 59 сомы æхца, фæлæ дзы иунæг капекк дæр не схардз кодтам, уымæн æмæ алы ран дæр зонгæтæ, хиуæттæ цардысты æмæ нæ-иу суазæг кодтой. Мах биноныг бæрæг кодтам зæппæдзтæ, мæсгуытæ, кувæндæттæ æмæ сæ нæхимæ фыстам. 1963 азы та ногæй ацы ран къахæн куыстытæ кодтам æмæ зæппадзы ссардтам астæуккаг æнустæй фæстæдæры дзауматæ. Уыцы заман куыстон кандидатон диссертацийыл. Ме 'мбал Хъоцты Русланы Сыбамæ куы акодтон, уæд уый дæр археологийæ «фæрынчын», Мæскуыйы Патрис Лумумбæйы номыл университеты йæ ахуыр ныууагъта æмæ бацыд æндæр институтмæ антропологи ахуыр кæнынмæ.

Царциаты уæлмæрды дæр бирæ хæзнатæ ссардтам. Дзыхъхъытæм фæкомкоммæ стæм, афтæ нын дзырдтой, электрон линитæ аразгæйæ фæзындысты, зæгъгæ. Фæлæ, æз лæмбынæгдæр куы æркæстытæ кодтон, уæд дын иу дзыхъхъæй цыдæр куы ферттивид. Кæсын, æмæ фæрдгуытæ. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй, ацы ран егъау хъæу уыдис – 70 хæдзарæй фылдæр. Фæзы ссардтам сыгъзæрин хъусдзæджытæ, агуывзæтæ, фæрдгуытæ. Иннæ ран ссардтам адæймаджы сæрыкъуыдыр. Разындис алайнаг дуджы ссарæггаг. Ахæм хатдзæг та уымæн скодтам, æмæ сæрыкъуыдыры формæ хицæн кæны иннæтæй. Алайнæгты дугæй ма дзы разынд быркуы дæр. Ахæм быркуытæ Цæгат Ирыстоны уыдис дыууæ, æз та ссардтон æртыккаг. Алайнаг байбын ингæнты ссарæггæгты фæдыл Тбилисы скодтон доклад. Уым мæ фарстой, цæмæ гæсгæ дæм кæсы, алайнаг хæзнатæ сты, уый, зæгъгæ. Бамбарын сын кодтон, алайнаг адæймæгтæй уæлдай ахæм сæрыкъуыдыры формæ кæй никæмæн уыдис, æмæ уый антропологтæ раджы кæй сбæлвырд кодтой. Уæддæр гуырдзиæгты зæрдæмæ нæ цыдис, аланты зæхх у, зæгъгæ, хъуыдыимæ сразы уæвын. Тменаты Витали мæ куырдта, цæмæй æрцæуон Цæгат Ирмæ æмæ ам дæр архайон археологон куыстыты. 1989 азы мæ наукон уацхъуыды тыххæй мæм Гуырдзы æртхъирæнтæ кæнын райдыдтой, уымæн æмæ, мæ хатдзæгтæм гæсгæ, Хуссар Ирыстон алайнæгты зæхх у, зæгъгæ, уадис, æмæ Гуырдзыйы зæрдæмæ уый нæ фæцыдис. Æрцыдтæн Дзæуджыхъæумæ, кусын наукон-иртасæн институты уал рæстæгмæ. Институты директор уæд Таболты Солтанбег сси, æмæ мæ уый ардыгæй нал ауагъта. 90-æм азты та Дæргъæвсы куы куыстам, уæд дзы алайнаг байбын ингæнтæ цы фæзыл разындис, уымæн йæ бæрц уыд 40 гектары. Уый егъау фæзуат æмæ стыр куыст у. Скъахтам рагон ингæнтæй 77, ацы куыст нырма нæ байзæддæгтыл дæр аххæсдзæн. Бирæ азты куыстам ам, æмæ-иу нæм къуылымпытæ дæр сæвзæрд: куы нын æхцайы фæрæзтæ нæ фаг кодта, куы рæстæджытæ æмтъеры уыдысты.

**– Чи уыд дæ къорды?**

– Цуциты Аслан, Чеджемты Эльбрус, Туаллæгты Алан. Таболты Солтанбегмæ археолоджы куыст диссаг каст, æмæ нæ-иу абæрæг кодта. Цыдæриддæр ссардтам рагон дзауматæй, уыдон иууылдæр абон фенæн ис Бæстæзонæн музейы экспозицион залты. Ранымайæн дæр сын нæй, уый бæрц ссарæггæгтæ сты, адæймаджы уæлæдарæсæй райдай æмæ хæдзары дзаумайæ фæу, се 'хсæн ис хæцæнгæрзтæ æмæ хотыхтæ дæр. 2014 азы Дæргъæвсы Бæдтиаты уыгæрдæны ссардтам сылгоймаджы стæгдар. Ингæны йемæ æвæрд уыдис хотыхтæ. Иртасæн куысты фæстæ ахæм хатдзæгмæ æрцыдыстæм, уыцы стæгдар кæй у астæуккаг æнусты хъуыстгонд хъæбатыр сылгоймаг Гадзи Бæдтионы. Æппæт æууæлтæ дæр нын амонынц Бæдтионмæ. Бирæ цымыдисаг æрмæг бафтыд нæ къухы экспедициты рæстæг, æрмæст фыссынады фæдыл иунæг дамгъæ дæр не ссардтон. Сæмбæлдыстæм-иу гуырдзиаг æмæ араббаг фыстытыл, ирон æмæ алайнаг фыстытæй та – иунæг дамгъæйыл дæр нæ.

**– Дæ бирæ азты куысты фæдыл цавæр хатдзæгтæ скæнис?**

– Хатдзæгтæ скæнын хуыйны дæ куыстыты бынмæ стъæлф сæвæрын. Мæнмæ та нырма ис фæндтæ, æмæ сæ кæронмæ куы сæххæст кæнон, уæд афон дæр уыдзæн мæ архайдæн хатдзæгтæ скæнынæн.

**– Бузныг, Руслан, дæ дзуаппытæй.**

Дзаттиаты Руслан абон дæр йæ куыст нæ ныууагъта. Сæрæнæй архайы Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæн институты. Мыхуырмæ цæттæ кæны йæ ног чингуытæ цалдæр томæй, æмæ йын бантысæнт.



**САУТÆТЫ Тамилæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Сагъæсы мæ 'фтауы...

**Æрвылбон хабархæссæг фæрæзтæ бæргæ дзурынц, алцыдæр – адæмы удæнцойдзинадæн, зæгъгæ, фæлæ хуымæтæг фæллойгæнæг адæймаг ахæм хорздзинад не 'нкъары.**

Мæ зонгæтыл куы амбæлын кæнæ семæ телефонæй куы фæдзурын, уæд сæ æнæмæнг бафæрсын, газет «Рæстдзинад» исынц æмæ кæсынц, уымæй. Æмæ мын бирæтæ куы фæзæгъынц, бæргæ-иу æй рафыссин æмæ кæсин, фæлæ мæм æй хæццæгæнæг нæ вæййы, зæгъгæ, уæд дис дæр фæкæнын. Уымæн æмæ мах, Куырттаты комы цæрджытæ, ныронг æрвылбон истам газеттæ. Фæлæ уыцы ногдзинад – газеттæ алы бон нæ исын, махмæ дæр æрбахæццæ. Æгæр, дам, уæ буц кæнæм, нырæй фæстæмæ бонцухæй исдзыстут газеттæ, æрвылбон газет кæсын модæйы нал ис. «Уæрæсейы пост»-ы ахæм æнæджелбетт уынаффætæ мæ сагъæсы 'фтауынц. Æмæ та мæ маст, мæ сагъæс хæссын сымахмæ, зынаргъ редакцийы кусджытæ æмæ газеткæсджытæ.

Фыццаджыдæр, посты хайæдтæй дуканитæ кæй рауайын кодтой, уый куыд раст у? Уымæй уæлдай ма посты хайæдты кусджытæ къаддæрæй-къаддæр кæнынц – сæ куыстытæй уæгъдгонд цæуынц, æмæ уый аххосæй тыхстдзинæдтæ æвзарынц хъæуты, горæтты цæрджытæ. Уал адæймаджы, дам, хъуамæ ма куса хайады. Газеттыл иузæрдион адæймæгтæ сæ афоныл кæй нал исынц, уымæ гæсгæ сæ нал рафыссынц, æмæ айгъай къаддæр кæнынц газетты æмæ журналты тираждтæ.




Раст зæгъгæйæ, махмæ постхæсджытæ сыгъдæг цæсгомæй æххæст кæнынц сæ хæстæ – афойнадыл исæм газеттæ, журналтæ, пенситæ. Фæлæ бирæ рæтты постхæсджытæ сæ куыстытæй уæгъдгонд æрцыдысты. Бирæ хъæуты посты хайæдты хистæр кусджытæ нæй, уымæн æмæ йæ цалдæр куысты кæнын хъæуы. «Уæрæсейы пост» сæйрагдæрыл нымайы сæудæджер кæныны куыст. Уæдæ хайады хицауы, цæрджыты алыхуызон фиддонтæ дæр бæлвырд кæнын хъæуы. Бæлвырд кæнын хъæуы фыстæджытæ, газеттæ. Уый бæрц куыстытæн та исы чысыл мызд. Афтæмæй, кæй зæгъын æй хъæуы, зын быхсæн у, зын кусæн у ахæм уавæрты. Æмæ хайад æнæ бæрнон кусæгæй аззайы. Гъе, ахæм уавæры Куырттаты комбæсты цæрæг адæмæн æмбæлгæ лæггæдтæ чи хъуамæ кæна? Рухс, газ, бирæуæладзыгон хæдзæртты цæрджыты бындурон цалцæджы æмæ ма бирæ æндæр хуызты фиддонтæ хъуамæ чи биноныг кæна? Уымæ гæсгæ дæргъвæтин рæстæг æвзарæм тыхстдзинæдтæ. Бахъæуы нæ газы, рухсы æвдисæндартæ æхцаимæ æрвитын Алагирмæ, районы посты хайадмæ. Æмæ та сæм цалдæргай бонтæ æнхъæлмæ фæкæсæм. Уыцы уавæр, кæй зæгъын æй хъæуы, тыхсын кæны цæрджыты дæр, постхæсджыты дæр æмæ постласæн хæдтулгæйы шофыры дæр. Æппæт уыдæттæн кæй быхсæм, уый нын фагыл нæ нымайынц, фæлæ ма нæ газеттæй дæр æнæхай кæнынц. Мæн стыр сагъæсы 'фтауы мыхуыры фæрæзты хъысмæт. Уæлдайдæр, нæ иунæг ирон газет «Рæстдзинад»-ы тираж та зынгæ кæй фæкъаддæр уыдзæн, уый мын æнцой нæ дæтты. Алкæй дæр фæнды ног хабæрттæ афойнадыл бакæсын, æмæ, газет æрвылбон куы нæ иса, уæд æй фысгæ дæр нал ракæндзæн. Æнæуи дæр газеттæ рафыссынц ацæргæ адæм, сæ пенсийы капеччытæй йын йæ аргъ рауæлдай кæнынц. Фæлæ афтæ куы уа, æмæ нæм æрмæст бонцухæй хæццæ кæндзæн нæ уарзон газет «Рæстдзинад», уæд æй ай-гъай нал рафысдзысты. Цымæ, ацы æнæраст хъуыддаг кæмæ хауы, уыцы бæрзонд къæлæтджынтыл бадæг чиновниктæ цæуылнæ хъуыды кæнынц газеттæ æмæ журналты хъысмæтыл? Ацæргæ адæмы цæмæн æнæхай кæнынц ахæм удæнцойдзинадæй? Зæронд, æнæбон адæймаг цæуылнæ хъуамæ мауал иса, æнæрхъæцæй æрвылбон цы газетмæ фенхъæлмæ кæсы, уый. Ацы хъуыддаг мæм тынг æнæраст кæсы æмæ йыл дзургæ дæр æмæ фысгæ дæр кæнын.

Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ, ахæм уагæвæрд чи сарæзта, уый стыр знаггад ракодта газеткæсджытæн дæр, газеттæ æмæ редакциты кусджытæн дæр. Кæрæдзийæ сæ фæиппæрд кодта. Уый у æргом гадзрахат! Цæуылнæ уыд ныууадзæн посты куысты советон дуджы уагæвæрд? Фæлæ ахæм фæлдурæдджджын дуджы цæрæм, æмæ сомбоны хуыздæрæрдæм ивддзинæдтыл æууæндæн нал ис. Рæстæгимæ, дам, æмдзу кæнут. Фиддонтæ фидут онлайн хуызы. Газеты æрмæджытæ дæр, дам, телефонты кæсут. О, æрыгæттæ зонынц уыцы ногдзинады хабæрттæ, фæлæ ацæргæ адæм та цы кæной?

Мах, советон дуджы хъомылад чи райста, йæ сыгъдæг удвæллойæ чи фæцард æмæ цæры, уыцы кардзыд адæймæгтæ хæсджынæй цæрыныл нæ сахуыр сты. Сæ пенсийы капеччытæ куы райсынц, уæд, куыд тагъддæр, афтæ, фыццаджыдæр, хъуамæ сæ фиддонтæ бафидой. Фæлæ кæм æмæ куыдæй? Ирон æмбисонд куыд зæгъы: «Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст!» Быхсут, дам, уымæн дæр æмæ æнæ газет кæсгæйæ дæр цæрут. Мæ кары адæймаг ахæм уавæрты бар-æнæбары хъуыдыты уацары бахауы, цы уыдзæн нæ фидæн, цы нæм æнхъæлмæ кæсы, зæгъгæ.

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

Газеткæсджыты сфæлдыстад

**ГАМАТЫ Иван**

## Йæ намысæн бамынæг нæй

*Нæй никæд æууæндæн ызнагыл, –*
*Нæ зоны рæстагæй цæрын;*
*Зынг бафтауы сабырдзинадыл,*
*Зæхх райдайы судзын, хъæрзын...*

*Нæ бæстæ ныссæндынмæ хъавыд,*
*Фæлæ йыл йæ сау фæнд æртыхст,*
*Æндзарæг йæхи арты басыгъд,*
*Æрцыдис ыл мадæлты 'лгъыст.*

*Мах а зæххыл никæй хъыгдарæм,*
*Фæнды нæ хæларæй цæрын.*
*Фыдгулæн фыдракæнд нæ барæм –*
*Ныхкъуырд ын фæразæм дæттын.*

*Уæлахиз куы райгуырди тохы,*
*Фыдрæстæг фæфæсвæд уæдæй.*
*Нæ уыдзæн хæстоны ном рохы,*
*Йæ намысæн бамынæг нæй.*

*Уæлахиз – сæрибары бæстæ.*
*Йæ фарнæй æййафæм рæвдыд, –*
*Ис цардæн ахъаззаг фæрæзтæ,*
*У не 'нтыст, нæ намыс, нæ цыт.*

*Аз ивдзæни азы, дуг – дуджы, –*
*Уæлахиз æхсидгæ нæрдзæн.*
*Фыдыбæстæм уарзт ис нæ туджы,*
*Нæ кæстæр нæ сомбон фæзмдзæн.*

**ХЪУЛАТЫ Руслан**

## *Иронæн – «ирони»*

**Чидæр,**
**Растдæр та дæлимон,**
**Не знаг уыд**
**Æви нæхион,**
**Уый ма чи зоны бæлвырд?**
**Фæлæ не 'хсæн уый ныззылдта**
**Маргдæр-маргдæрæй «дзырдбыд»:**
**«Ирон æвзаг...Елхотмæ...»**
**Ома... «гыццыл» æвзæгтæм хауæг,**
**Кæй ма хъæуы уый ныр?**
**«Стыр» æвзагыл дзурæнт**
**«Гыццылæн» у**
**Йæ цард цыбыр.**
**Æмæ уæд:**
**Ме 'взагыл нæ дзурын – у кæйдæр,**
**Кæйдæр æвзагыл дзурын – у мæн дæр.**
**Нæ Ир, дæ хорзæхæй, цы 'рцыд?**
**Кæд махæн не 'взаг нæхион нал у,**
**Парахатæй та «дзырдбыд»,**
**Уæд уый кæцырдæм симд æрцыд.**

**Æви ныл афтæ тынг ныичъи**
**Ацы «дзырд» зыдæй,**
**Нæ ныфс цыма, нæ хъару**
**Рæхысæй сбаста исчи,**
**Æмæ дзы фервæзæн дæр нæй?**
**Æви нæ зонæм, мыййаг,**
**Фырхъал уæвгæйæ,**
**Иртасæнты руаджы**
**Зындгонд иу хъуыддаг:**
**Ираны стыр къорды**
**Æвзæгтæм кæй хауы**
**Не 'ппæты мах –**
**Аланты æвзаг.**
**Кæнæм ыл мæт бæгуыдæр,**
**Уынаффæтæ рахæссæм фаг,**
**Мадзæлттæй арæм сæ хуыздæр -**
**Ма 'рцæуæд сæфтмæ æвзаг.**
**Фæлæ та «фыд дзырд» уæддæр.**
**Фесæфын нæ комы.**
**Вирусау кæны фылдæр**
**Маргæй дзаг – йæ комы.**
**Уый сусæг нæу мыййаг,**
**Фæдзурынц ууыл алы хатт:**
**Уагæры сæфтмæ æрхауди æвзаг,**
**Сæфтыл нымад у**
**Йæ адæмыхатт?**
**Кæд афтæ, уæд – фæдис!**
**Уæдæ ныр цы чындæуыд?**
**Нæ цæссыг калæм,**
**Цы хос ссарæм?**
**Афтечы хицау чъынды нæ уыд:**
**Æмбарын кодта аивæй –**
**Уæ хосы фæд, дам, а дунейы**
**Нæ уыд, нæ уыдзæн, нæй.**
**Кæд нæй, уæд нæй.**
**Кæронмæ фæхæццæ ныхас.**
**Цыбырæй, фал мидисæй ас**
**Зæгъ-ма дæ хъуыды цæй.**
**Цæмæй бæллæхæй фервæзæм,**
**Зæгъдзынæн æй æргом:**
**Ис æрмæстдæр иу фæрæз –**
**Елхотæн аивын йæ ном.**

**ГÆБÆРАТЫ Хадизæт**

## Нацийы мæсыг

*Ирон дæн æз! Сæрыстырæй йæ дзурын,*
*Ирондзинад мæ туджы ис æвæрд,*
*Ирон ныхас мæ сабибонтæй хъусын –*
*Дæтты мын тых, æнцойдзинад йæ зæлд.*

*Мæ фыд-иу мын мæ чысылæй фæдзæхста:*
*«Ды дæ ирон! Сæрбæрзонд дзы куыд уай!»*
*Мæ удыл мын ирон дзырдтæ ныхæста,*
*Цæмæй иронæй а зæххыл цæрон.*

*Ирон хæдзары райгуырдтæн иронæй,*
*Мæ фыдæлтæ дæр - иууылдæр ирон...*
*Куы мæ фæфæрсынц `ндæр рæтты мæ номæй,*
*Уæд сын иронæй рахонын мæ ном.*

*Куыд буц вæййын ирон, зæгъгæ, куы зæгъын,*
*Цыма бæрзонддæр цавæр дзырд лæууид?*
*Гъе, ахæм дзырд мæ Дунейы нæ арын...*
*Æмæ хуыздæр дзырд ничидæр зæгъид!*

*Ирон ныхас – ирон зæххæн йæ бæркад!*
*Ирон ныхас – нæ цæрæнбон, нæ цыт!*
*Ирон ныхас – ирон лæджы ыстыр кад!*
*Нæ нацийæн та – йе стырдæр мæсыг!*

**Спортивон фидиуæг**



**Спортивон хъæзтытæ**

# Пайда сты хъомыладон куысты

**Уæрæсе æмæ Китайы дæсæм иумæйаг сæрдыгон спортивон хъæзтытæ ацы аз уыдысты Калининграды облæсты. Фондз боны дæргъы ерыстæ цыдысты спорты 12 хуызæй. Уыдоны Уæрæсейы спортсментæ сыгъзæрин майдантæ рамбылдтой зынгæ фылдæр. Цы 53 сыгъзæрин майданы рамбылдтой, уыдонæй æртæ ссыдысты Ирыстонмæ.**

Аивадон гимнастикæйæ 15-17-аздзыд чызджыты 'хсæн ерысты 1-аг бынат бацахсæг уæрæсейаг командæйы чызджытæй иу уыд **Найфонты Алеся.**

Уæгъдибар хъæбысхæстæй 65 кг онг уæзы **Хъалæгаты Оледжы** хъомылгæнинаг **Гаглойты Баграт** равдыста хорз цæттæдзинад, фæуæлахиз йæ цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат.

Уæлдай раппæлыны аккаг у китайаг спорты хуыз ушу-йæ ерысты фæуæлахизуæвæг **Гаглойты Марк.** Ушу-йы иу хуыз «Наньдао»-йæ Маркы сæрмагонд ныхмæлæууæг уыди, Китайы чемпионаты 2-аг бынат чи ахсы, уыцы зындгонд спортсмен **Вэй Шаньинг.** Сæ хъазуатон æмæ цымыдисаг фембæлд ахицæн Маркы пайдайæн, æмæ хорзæхджын æрцыд сыгъзæрин майданæй.



Хæрзиуæг – ГАГЛОЙТЫ Маркæн

Гаглойы-фырты тренер, ушу-йæ дунейы 2 хатты чемпион **Бырнацты Марк** йæ хъомылгæнинаджы уæлахизæн кæны стыр аргъ æмæ уый фæдыл афтæ загъта: «Хæрзæрæджы Марк æнæнхъæлæджы асаста йæ галиу къух, æмæ ацы ерысты райдайæнмæ сдзæбæх уыдзæн, уый зын зæгъæн уыд. Ныхас цыди ерыстæм нал ацæуыныл, фæлæ мæ хъомылгæнинаг равдыста æцæг лæгдзинад æмæ, йæхиуыл афтæ зæрдиагæй кæй куыста, уый уынгæйæ, нæ бауырныдта ерыстæм йæхи кæй бацæттæ кæндзæн, æмæ нæ фæрæдыдыстæм. Марк ахæм тыхджын ныхмæлæууæгыл кæй фæуæлахиз, уый нын ныфс дæтты, дунеон чемпионаты дæр фæстейы кæй нæ баззайдзæн, уымæй».

Æмткæй райсгæйæ, Уæрæсе-Китайаг спортивон хъæзтытæ ацыдысты хæларæй. Кæд спортсментæй алчидæр уæлахизмæ тырныдта, уæддæр æй кодта æгъдауджын æмæ кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ. Æнæмæнг, ахæм спортивон ерыстæ пайда сты фæсивæды хъомыладон куыстæн.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

*Интернетæй ист къам*

**Ног чиныг**

# Рацыд æхсай азы фæстæ

**Ивгъуыд дыццæджы Цæгат Ирыстоны Национ наукон библиотекæйы уыд, «История города Дигоры», зæгъгæ, уыцы чиныджы презентаци. Ныхас дæр ыл нæй, ахсджиаг цау у уый нæ республикæйы царды. Дигора (раздæры Чырыстонхъæу) у Ирыстоны рагондæр æмæ зындгонддæр цæрæн бынæттæй иу. Йæ цæрджытæ суанг ивгъуыд æнустæй райдай æмæ абоны онг разæнгардæй архайдтой кæддæры Уæрæсейы империйы, фæстæдæр Советон Цæдисы æхсæнадон царды алы къабæзты, басгуыхтысты, куыд сабыр дуджы, афтæ нæ историйы хæстон азты рæстæг дæр.**



Абон дæр дигорайæгтæ сæхи æгуыдзæгæй не 'вдисынц, хъæппæрисджын æмæ амалхъомæй сты Ирыстоны, нæ иумæйаг стыр паддзахад – Уæрæсейы Федерацийы æхсæнадон царды. Æмæ кæй кой кæнæм, уыцы чиныджы автортæ бацархайдтой уыцы хабæрттæ, гæнæн куыд ис, афтæ æххæстдæр æмæ мидисджындæрæй радзурыныл.



ÆЛБОРТЫ Зæринæ

Чи зоны, исчи бафæрсдзæн – ау, æмæ сын сæ номдзыд хъæубæстæн, сæ горæтæн ахæм чиныг раздæр куыд никуы рацыди? Уыцы фарстæн та чиныджы бæрнон редактор æмæ йæ саразæг, филологон наукæты кандидат **Æлборты Зæринæ** дætты ахæм дзуапп: «Чиныгыл куыст райдыдта 60 азы размæ. Йæ редколлегийы уыдысты историон цауты хайады бæрнон редактор, профессор, историон наукæты доктор Тотойты Михал, профессор, историон наукæты доктор Гиоты Михал, профессор, философон наукæты доктор Цæллаты Харитон, Цæголты Георгийы музейы директор, историон наукæты кандидат Лолаты Батраз, Æрæфы æмæ Дыгуры районты СЦКП-йы комитетты фыццаг нымæрдар Акъоты Васили, революцион цауты архайæг, поэт, фыссæг, Дигорайы рабфакы ахуырады хайады сæргълæууæг Тогуызаты Марк æмæ æндæртæ. Абон немæ нал сты, рухс дзæнæт уæд сæ бынат.

Æрæмбырд кодтой тынг бирæ æрмæг. Уый бæрц уыди, æмæ ахæм егъау æрмæг нæдæр Дзæуджыхъæуы, нæдæр æнæхъæн Ирыстоны, суанг Цæгат Кавказы историйы дæр никуы æрæмбырд. Чиныг куы бацæттæ кодтой (куыд загътам, афтæ 60 азы размæ), уæд æй мыхуыры рауадзынмæ сфидар кæныны тыххæй бахастой уыцы азты партийы обкоммæ. Уым та скодтой ахæм хатдзæг: «Куыд ис гæнæн, æмæ Дигорайы истори уа хъæздыгдæр Мæскуыйы историйæ? Уымæн уæвæн нæй!»

Æмæ чиныг рауадзын аргъæвтой фæстæдæрмæ. Дунейы рухс та федта мæнæ цалдæр боны размæ, сæ цæрæнбон бирæ йæ саразджытæн, йæ рауадзынæн йе 'ххуысы хай чи бакодта, уыцы адæмæн.

Чиныджы авторты тыххæй сæ хъуыдытæ загътой ЦИПУ-йы профессор, педагогон наукæты доктор, Уæрæсейы Федерацийы æмæ Цæгат Ирыстоны ахуырады сгуыхт кусæг **Чеджемты Сергей**, профессор, историон наукæты доктор, Цæгат Ирыстоны æмæ Хуссар Ирыстоны, Кæсæг-Балхъар æмæ Дагестаны Республикæты наукæйы сгуыхт архайæг **Дзидзойты Валери**, ЦИПУ-йы историон факультеты декан, уæрæсейаг историйы кафедрæйы доцент РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы уæнг **Плиты Зæлинæ**, нæ республикæйы архивты службæйы сæргълæууæг **Хайманты Барис**, «Аланты Ныхасы» сæрдар **Фриаты Хъазыбег**, Цæгат Кавказы хæххонметаллургон институты проректор **Лолаты Дианæ**.

Кæронбæттæны чиныджы бæрнон редактор æмæ йæ рауадзæг, филологон наукæты кандидат Æлборты Зæринæ радзырдта, куыст куыд цыди чиныгыл, цæмæй дунейы рухс федтаид, уымæн йе 'ххуысы хай чи бакодта, æппæты уыдæтты тыххæй, зæрдиаг арфæтæ ракодта презентацимæ æрбацæуæг адæмæн.



**ХÆМЫЦАТЫ Морис,**

**къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

**Æхсæнад**

# Уæд та — ноджы хуыздæр...

**Газет «Рæстдзинад»-ы æхсæнадон уацхæсджытæй бирæтæ сæ фыстæджыты сæвæрынц фарст, нæ горæты æнæкæрон бирæ дуканиты нæмттæн сæ фылдæр англисаг æвзагыл фыст цæмæн сты, зæгъгæ. Иу рæстæг Дзæуджыхъæуы администраци дæр сæ хицæуттæм бадодой кодта, куы нæ сæ баиват, уæд æфхæрд æрцæудзыстут, зæгъгæ, фæлæ дзы уымæй дарддæр ницыуал райхъуыст.**

Нæ горæтмæ æндæр рæттæй чи 'рбацæуы, уыцы уазджыты нымæц та, туризм кæй парахат кæны, уый фæстиуæгæн азæйазмæ фылдæр кæны. Æмæ, æвæццæгæн, хъуыдыты аныгъуылынц, ам цавæр адæмыхатт цæры, англисæгтæ сты æви уырыссæгтæ, сæ республикæ Цæгат Ирыстон куы хуыйны, уæд, зæгъгæ. Ирон дзырд нæ горæты стæм у. Иронау дзурын нæ сæрмæ кæй нал хæссæм, ууыл нæ газет æрвылбон фæдисхъæр кæны. Иннæ ахæм та – уыцы дуканитыл, æхсæнадон уагдæттыл дæр ирон фыст не ссардзынæ. Мæнæ ма нæ удылхæцæг автобусты æрлæууæнтæ сты, нæ диссаджы фыдæлтыккон æмбисæндтæн уым бынат ссардтам. «Адæмы фарн бирæ у», зæгъгæ дæр дзы бакæсæн ис. Фæлæ уыцы фарн не 'взаджы уавæр фæхуыздæр кæнынæн куыд ницы ахъаз кæны! Дзæуджыхъæуы уынгтæй ныртæккæ цы нæ 'взаг райхъуысдзæн, уый дæр – хъæрæй, ахæм нæй, фæлæ дзы ирон ныхас нæ фехъусдзынæ!





Æрæджы горæты уынгтæй иуы фæцæйцыдтæн, мæ разæй дыууæ ацæргæ лæджы сындæггай цæуынц, бæрæг уыд, ирæттæ сты, хатгай-иу сæ стæм ирон дзырд дæр райхъуыст, фæлæ дзырдтой уырыссагау. Ныр уыл цы мæгуырбон ис, уæхи хъизæмарæй цæмæн марут, уæ мадæлон æвзагыл цæуылнæ дзурут, зæгъгæ, сын бауайдзæф кодтаин, фæлæ мæнæй дзæвгар хистæрхуыз уыдысты. Сæ хæдзæртты сæ кæстæртæм дæр иронау кæй нæ дзурынц, уый дызæрдыггаг нæу.

Ныр та, «Роспотребнадзор»-ы Цæгат Ирыстоны управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй рейдтæ аразын райдайдзæн æнæзакъон вывескæтæ сбæрæг кæныны охыл. Дуканиты вывескæтæ, табличкæтæ, нысантæ, меню æмæ æндæр дзыллон информации, паддзахадон æвзаджы доменæн дзуапп чи нæ дæтты, уыдон хъуамæ сбæлвырд кæной. Ныхас цæуы англисаг æвзагыл (англицизмы) («Sale», «Coffee», «Open», «Exit», «Fresh») æнæ уырыссаг тæлмацæй фыст вывескæтыл.

«Нæ мобилон къордтæ сæ ныридæгæн бæлвырд кæнын райдыдтой. Дæ вывескæйыл дзырд ставд фыст «Coffee» куы уа æнæ уырыссаг æвзагыл фыст «Кофе»-йæ, кæнæ табличкæ «Exit» æнæ «Рацæуæн»-æй, уæд уый нымад цæудзæн уагæвæрд халæн мийыл. Зæгъæм, йæ хицау барвæндонæй куы нæ сæххæст кæна закъоны домæн, уæд уыцы конструкци фехалын бахъæудзæн, хъуыддаг тæрхондоны бар бакæнгæйæ. Тæрхондоны фиддонтæ дæр æгъдаухалæг бафиддзæн», – фехъусын кодта куыстуæтты разамонджытæ æмæ амалхъомтæн «Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæнæн хайады хицау **Плиты Аннæ**.

Куыд ма фæбæрæг кодтой ведомствæйы, афтæмæй вывескæтæ, табличкæтæ, меню фыццаг фыст хъуамæ уа уырыссаг æвзагыл, стæй та – англисагыл, уыцы иу шрифтæй.

Раппæлинаг хъуыддаг у уый, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ ма дзы паддзахадон ирон æвзагæн дæр бынат куы разындаид, уæд та – ноджы хуыздæр...

**ГАПБАТЫ Алетæ,**

*Интернетæй ист къам*

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


MurVad production



До

После

MURVAD – СОВРЕМЕННОЕ РЕШЕНИЕ ДЛЯ ОБЛИЦОВКИ ДОМОВ, ФАСАДОВ И ИНТЕРЬЕРОВ

Гибкий кирпич MurVad – это стильный и практичный материал для тех, кто хочет получить эффект дорогой отделки БЕЗ ЛИШНИХ ЗАТРАТ И СЛОЖНОГО МОНТАЖА.

Почему выбирают Murvad:
- Собственное производство в РСО–А
- Запатентованная продукция
- Реалистичная текстура кирпича
- Легкий монтаж без специального инструмента
- Морозо- и влагостойкость
- Подходит для фасадов, заборов, балконов и интерьеров
- Не выгорает на солнце
- Экономия на отделке при премиальном внешнем виде

ДОСТАВКА ПО ВСЕЙ РОССИИ
В наличии видеоинструкция по установке
Адрес производства: РСО–Алания, с. Михайловское, ул. Безымянных Героев, 20
Консультация и расчет – бесплатно
Пишите в Direct или WhatsApp для заказа и консультации
8-928-857-05-59, 8-938-886-44-55
WhatsApp: wa.me/+79288570559.



РАБОТАЕМ КРУГЛЫЙ ГОД

Принимаем заказы на весну – оформите заказ сейчас, чтобы не ждать изготовления и приступить к монтажу сразу с наступлением сезона.

MurVad – стиль, который служит годами

Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.

Для повышения плодородия почвы продаем качественный конский перегной и чернозем в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 583. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**